# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–19 अगस्त 2025** **भोजपुरी समाचार**

कांग्रेस अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खरगे सर्वोच्च न्यायालय क पूर्व न्यायाधीश बी सुदर्शन रेडडी के इंडिया गठबंधन की ओरि से उपराष्ट्रपति पद क ओम्मेदवार बनवले क घोसणा कइले हवे। श्री खड़गे बतवलें कि श्री रेड्डी एक्कइस अगस्त के परचा भरिहें। ओहर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बिपक्ष के सथहीं सज्जो राजनीतिक पारटियन से एनडीए के उप राष्ट्रपति पद क ओम्मदेवार सी पी राधाकृष्णन के सर्वसम्मति से चुनले क अपीलि कइले हवें। उहां के आजु एनडीए संसदीय दल के बइठकी के दौरान सांसदन से श्री राधाकृष्णन क परिचय करवलें। बइठकी के बाद संसदीय कार्य मंत्री किरेन रिजिजू कहलें कि प्रधानमंत्री उप राष्ट्रपति पद बदे सज्जो पारटियन से श्री राधाकृष्णन क समरथन कइले क निहोरा कइले हवे।

***हम चाहते हैं कि एक साथ मिलकर के उपराष्ट्रपति जी के चुनाव में सर्वसम्मति से राधाकृष्णन जी का सपोर्ट करें तो हमारा लोकतंत्र के लिए भी, हमारा देश के लिए भी और राज्यसभा को संचालन करने में भी बहुत उपयोगी होगी तो पार्लियामेंट्री पार्टी की बैठक में सब पार्टी ने आदरणीय प्रधानमंत्री जी को भी धन्यवाद दिया कि बहुत ही अच्छा इंसान को उपराष्ट्रपति जी का चुनाव के लिए उम्मीदवार के रूप में उतारा गया है।***

उपराष्ट्रपति बदे चुनाव नौ सितम्बर के होई।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के मौजूदगी में आजु लखनऊ में प्रदेस सरकार अउर द फॉरेन कामनवेल्थ एण्ड डेवलपमेंट आफिस–युनाइटे किंगडम के बिच्चे एगो खास समझौता करार भइल। एकरे तहत चिवनिंग–भारत रत्न श्री अटल बिहारी वाजपेयी उत्तर प्रदेश राज्य सरकार छावृत्ति योजना सुरू कइल गइल हौ। येह योजना में हर सालि प्रदेस के पांच मेधावी छात्रन के युनाइटेड किंगडम क प्रतिष्ठित विश्वविद्यालयन में मास्टर डिगिरी बदे ओजीफा दीहल जाई। येह मौका पर भारत में ब्रिटिश दूतावास क उच्चायुक्त लिंडी कैमरन कहलिनि कि ई समझौता युनाइटेड किंगडम अउर भारत क बढ़त रिस्ता क निसानी हौ।

**********

राज्य फोरेंसिक विज्ञान संस्थान लखनऊ में साइबर युद्ध के आयाम, बहुपक्षीय कानूनी ढांचा, फोरेंसिक अउर रणनीतिक प्रतिकार विसय पर तीनि दिन क इंटरनेशनल समिट क दुसरका दिन्ने आजु साइबर अपराध रोके बदे बिसेसज्ञ लोगि बिचार कइलें। येह मौका पर साइबर सेल क डीआईजी पवन कुमार कहलें कि जियादेतर साइबर अपराध क्रिप्टो प्लेटफार पर सिफ्ट हो गइल हौ अउर एहसे निपटे बदे सरकार लगतारे कदम उठा रहल हौ। समिट के एगो अउरियो सत्र में न्यायिक प्रक्रिया में डिजिटल साक्ष्य के भूमिका पर चरचा कइल गइल। येह समिट क सुभारम्भ काल्हि मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कइले रहलें।

**********

राज्य क चारि सौ बेयालिस पॉलिटेक्निक संस्थानन क डेढ़ लाख से बेसी सीटिनि में से अबहिनों करीब नब्बे हजार सीटि खाली हौ। अखिल भारतीय तकनीकी सिक्षा परिषद पालिटेक्निक में दाखिला बदे पनरह सितम्बर आखिरी तारीख तय कइले हौ। एगो रिपोर्ट–

***प्रदेश के पालिटेक्निक संस्थानों में प्रवेश के लिए अभी 21 अगस्त तक पाचवें चरण कि काउंसलिंग चलेगी। इसके बाद छटे चरण की काउंसलिंग 22 अगस्त से और सातवें चरण की काउंसलिंग 6 सितम्बर से होगी। काउंसलिंग के बाद भी यह सिटें खाली रहती है तो संस्थानों को इस बार काउंसलिंग के जरये प्रवेश देने का मोका मिलेगा। आकाश वाणी कक्ष से मै रितेश।***

**********

प्रदेस क कृषि विभाग महात्मा बुद्ध कृषि अउर प्रौद्योगिकी विश्वविद्यालय कुशीनगर क बिल्डिंग बनले ले क्षेत्र के गन्ना अनुसंधान के बिल्डिंग में कक्षा सुरू कइले क योजना बनवले हौ। येह विश्वविद्यालय बदे कुलपति के सथहीं छौ गो पद मंजूर कइल गइल हौ।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी क अध्यक्षता में आर्थिक मामलन क समिति आजु 8 हजार 307 दसमलव सात चारि करोड़ रूपिया क पूंजिगत लागत से ओडिसा में हाईब्रिड एन्युइटी मोड पर सिक्स लेन कैपिटल रीजन रिंग रोड बनवले क मंजूरी दिहले हौ। ई समिति एक हजार पांच सौ सात करोड़ रूपिया क अनुमानित लागत से राजस्थान के कोटा–बूंदी में ग्रीन फील्ड हवाई अड्डा बिकसित कइले के भारत विमानपत्तन प्राधिकरण के प्रस्तावो के मंजूर कइ लिहले हौ। कोटा भारत क सैक्षिक कोचिंग सेंटर के रूप में मसहूर हौ।

**********

एक जिला एक उत्पाद योजना में सामिल उत्पाद के बढ़ावा देवे बदे बनारस परिक्षेत्र के डाकघरन में अब बलिया क ओडीओपी उत्पाद सतुओ बेचल जाई। बनारस क प्रधान डाकघर में बनारस परिक्षेत्र क पोस्ट मास्टर जनरल कर्नल विनोद कुमार आजु एके बेचे बदे काउंटर क सुरूआति कइलें। बलिया क सतुआ अबहिन बनारस परिक्षेत्र के सौ डाकघरन में बेचल जाई। एकरे बदे एगो निजी कम्पनी से करार कइल गइल हौ जवन कि एके उपलब्ध कराई।

**********